

AKIZE RESEPSYON DEMANN ODISYON SAN PATIPRI
AK KONFIMASYON SITIYASYON ASISTANS LA

XL005 HA (MONTH/YEAR)
OAH-4420

ETA NEW YORK

BIWO ASISTANS TANPORÈ AK POU MOUN ANDIKAPE
(OFFICE OF TEMPORARY AND DISABILITY ASSISTANCE)

SE PA YON AVI PWOGRAMASYON DAT

KOPI VOYE BA:

XXXXX XXXXXXXX
XXXXXXXXXXXXXXXXXX
XXX XX XXXXX

ODISYON SAN PATIPRI #	:	XXXXXXXX
Dosye #	:	XXXXXXXXXXXXXXXX
Kategori	:	XXX
Ajans/Sant	:	XXXX/XXXX/XXXX/XXXX
Dat Demann nan	:	XX/XX/XX
Nimewo Avi a	:	XXXXXXXXXXXX
Dat Avi a	:	XX/XX/XX
Dat li rantre anviyè	:	XX/XX/XX

Nou vle enfòmasyon w nou resevwa yon Demann Odisyon San Patipri pou:

XXXXXXXXXXXXXXXX XXXXXXXXXXXXXXX

SI W GEN YON MOUN KI REPREZANTE W NAN ODISYON SAN PATIPRI A KI PA YON AVOKA, YO DWE GEN OTORIZASYON EKRI OU BAY POU YO REPREZANTE W AK POU EGZAMINE DOSYE W.

Si ou bezwen kontakte biwo sa pou mande nan ki pwen demann sa ye, sitiyaasyon èd nan ka pa w la, oswa pou enfòmasyon biwo sa gen yon chanjman adrès oswa telefòn, ou ka rele (800) 342-3334 oswa ekri:

Office of Administrative Hearings P.O. Box 1930 Albany, NY 12201

Nou vle enfòmasyon w sou kesyon ki pou diskite nan Odisyon san patipri ou a ak sou sitiyaasyon èd la pou chak pwoblèm.

PWOBLÈM KI POU ABÒDE NAN ODISYON SAN PATIPRI A

Si ou te mande yon odisyon san patipri paske ajans lokal la chanje asistans, avantaj oswa sèvis ou yo, ou ka gen dwa pou w resevwa asistans, avantaj oswa sèvis yo menm jan jiskaske Komisyonè a soti yon desizyon.

KOMISYONÈ A MANDE (PA MANDE) DISTRIK LOKAL LA POU L KONTINYE AK ASISTANS OU YO MENM JAN ANNATANDAN REZILTA DESIZYON ODISYON SAN PATIPRI A SOU KESYON ANNAPRE YO:

01. XXX – XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX

W ap resevwa yon avi separe ki di w dat, lè ak kote Odisyon san patipri a ap fèt.

TANPRI LI LÒT BÒ PAJ LA

Si distrik lokal la resevwa lòd pou l kontinye ak asistans ou a menm jan, men dosye w la fèmen malgre sa, oswa avantaj ou yo diminye oswa limite magre lòd la, demandè Vil New York dwe sèvis FH&C (Fair Hearing and Conciliation) ki nan sant lokal ou a oswa sèvis odisyon san patipri ki nan lokal SNAP oswa Medicaid ou a, epi fè yon plent sou kontinyasyon èd'. DEMANDÈ KI PA NAN VIL NEW YORK DWE KONTAKTE TRAVAYÈ SOSYAL KI SOU DOSYE YO. Ou ka kontakte tou ajans eta a nan nimewo telefòn ak adrès ki sou paj devan avi sa epi mande yo pou bay distrik lokal la lòd pou l rekòmanse asistans ou a. Si w ap viv nan Vil New York, ou ka rele (800) 342-3334 oswa vini nan Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Moun Andikape, premye etaj, nan 14 Boerum Place, Brooklyn, NY.

Pou pwoblèm SNAP, lè yo mande pou èd kontinye, avantaj SNAP ou yo pral kontinye nan menm nivo a jiskaske peryòd sètifikasyon w lan fini. Apre sa, ou dwe resètifye epi yo dwe deklare ou kalifye pou kontinye resevwa SNAP. Ou pral resevwa SNAP nan kantite pwosesis resètifikasyon an detèminen l la.